

Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal



Eunice Kennedy Shriver Center

Insurance Resource Center for Autism and Behavioral Health

@IRCABH
774-455-4056

www.massairc.org
airc@umassmed.edu



Foto rekadre de yon gwoup moun yo pa ka idantifye k ap kenbe men youn ak lòt.

Swen Sante Konpòtman pou Timoun ak Adolesan (BHCA)

Anpil plan asirans sante prive nan Massachusetts kouvri kèk sèvis pou sante konpòtman timoun ak adolesan (BHCA). Sa yo se sèvis entansif nan kominote a, lakay, ak pou jèn ki gen pwoblèm sante konpòtmantal.



Ti gason azyatik ak ti fi otis k ap aprann kolorye/penn lekòl la

Ki kalite sèvis BHCA kouvri?

- Sèvis konpòtman lakay
 - Swivi jesyon konpòtman
 - Terapi jesyon konpòtman
- Terapi lakay oswa tretman estabilizasyon fanmi
 - Entèkansyon terapetik klinik
 - Fòmasyon ak sipò terapetik kontinyèl
- Entèkansyon mobil nan sityasyon kriz
- Kowòdinasyon swen entansif
- Tretman entansif kominotè (CBAT)
- Tretman entansif nan kominote a (ICBAT)
- Sèvis mantora terapetik
- Soutyen lafamiy ak fòmasyon/sipò patnè familyal

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale gade nan:

<https://www.mass.gov/info-details/behavioral-health-services-for-children-and-adolescents-bhca>

Ki kalite plan asirans ki enkli sèvis sa yo?

Sèvis sa yo enkli sèlman nan kèk kalite polis asirans. Kouvèti a depann de kalite asirans ou genyen. Pou plis detay, tanpri konsilte apèsi sou kouvèti asirans pou otis ak sèvis sante konpòtman. Si polis ou a pa enkli sèvis sa yo, ou ka gen posibilite pou jwenn yo atravè asirans segondè MassHealth.

Kijan mwen ka verifye si mwen gen kouvèti pou sèvis konpòtmantal?

Si ou gen asirans atravè anplwayè ou, mande sèvis resous imen si polis ou a se "finanse konplètman" oswa "otokouvri" (autofinansé). Si ou benefisye de yon plan ki finanse konplètman pa Massachusetts, li posib ke plan ou a gen kouvèti pou sèvis sa yo. Si ou gen yon plan otokouvri oswa yon plan ki soti andeyò Eta a, mande ki moun ou dwe kontakte pou jwenn enfòmasyon espesifik sou kouvèti pou sèvis konpòtman. Menm si plan ou a pa egzijè sèvis sa yo, li posib ke yon pati oswa tout sèvis yo ka kouvri.

MassHealth enkli ladan l?

BHCA a aplike sèlman pou asirans prive ki reglemante pa Eta a, men MassHealth deja kouvri sèvis ki trè menm jan nan kad Inisyativ [Children's Behavioral Health Initiative \(Inisyativ Sante Konpòtmantal pou Timoun, CBHI\)](#).

Ki diferans ki genyen ant sèvis BHCA ak sèvis CBHI yo?

BHCA ak CBHI sanble anpil an tèm de tretman ak sèvis. Diferans prensipal yo se ke sèvis BHCA yo kouvri sèlman pou timoun ak adolesan jiska laj 19 an, tandiske sèvis CBHI yo kouvri jiska laj 21 an.

Si asirans mwen an pa kouvri sèvis pitit mwen bezwen, kisa mwen ka fè?

Fanmi ki gen yon asirans prive ki pa kouvri sèvis BHCA yo ka jwenn aksè ak sèvis ki sanble lè yo jwenn yon asirans segondè ak MassHealth. Tanpri konsilte [fich enfòmasyon CommonHealth](#). Remak - Fanmi yo ka oblije peye yon prim redwi pou kouvèti MassHealth sa a.

Si mwen deja gen asirans segondè atravè MassHealth, sa ap afekte kouvèti mwen an?

Prestasyon BHCA yo pa afekte elijibilite pou kouvèti segondè MassHealth. Si yon rejim asirans primè enkli prestasyon BHCA yo, ou dwe itilize li atravè rejim primè a, epi si founisè a se yon founisè MassHealth, MassHealth ap kouvri depans koasirans yo. Si yon rejim primè pa kouvri menm tip prestasyon BHCA yo, MassHealth ap kouvri atravè CBHI.

Si m vle itilize yon founisè ki sèlman aksepte MassHealth, mèt mwen itilize asirans MassHealth mwen an?

MassHealth toujou li ki peye an dènye. Si asirans prensipal ou a kouvri tretman BHCA yo, ou dwe itilize li. Remak: Yon founisè ka konseye w retire pitit ou nan asirans prive pou li ka jwenn tretman atravè MassHealth. Sa a ale kont règleman MassHealth. Kontakte Insurance Resource Center pou jwenn asistans.

E si mwen pa ka jwenn founisè ki aksepte CBHI ?

Malerezman, sa a se yon pwoblèm ki rive souvan. Asirans yo oblije gen "rezon adekwa" ak founisè, epi si pa gen ase founisè, yo ka siyen kontra endividyèl pou swen yon moun. Si ou pa ka jwenn yon founisè ki aksepte asirans ou, kontakte konpayi asirans lan epi mande èd. Kontakte nou nan Sant Resous Asirans (CRI) pou plis asistans.

Kiyès ki ka voye yon timoun jwenn sèvis?

Founisè swen primè a, pedyat la, oswa yon pwofesyonèl sante mantal ki gen lisans ka voye yon timoun nan sèvis sa yo. Yon paran oswa yon gadyen legal kapab tou kontakte dirèkteman founisè sèvis sante konpòtman yo.

Èske gen lòt egzijans?

Wi. Chak konpayi asirans etabli direktiv espesifik pou detèmine nesesite medikal chak sèvis. Founisè swen sante konpòtman yo oswa manm yo dwe kontakte rejim asirans yo pou plis detay. Gade [sitwèb](#) sèvis asirans Massachusetts la.

Èske yon moun dwe resevwa yon dyagnostik espesifik pou li ka resevwa sèvis?

Elijibilite a baze sou kritè nesesite medikal konpayi asirans yo, epi li pa depann de yon dyagnostik espesifik.

Èske gen limit laj?

Wi, sèvis yo kouvri jiska 19yèm anivèsè moun nan. Moun ki gen ant 19 ak 21 an ka jwenn aksè ak sèvis ki sanble atravè MassHealth segondè. Pou plis enfòmasyon, [klike isit](#).

Èske gen lòt limit?

Non. Pa gen okenn limit sou kantite vizit, kantite jou, oswa depans.

Kikote sèvis yo bay?

Sèvis yo ka bay nan yon klinik, lakay, oswa nan yon anviwònman kominotè.

Èske sèvis edikatif yo enpakte?

Non. (Remak - Pwogram peye ki ofri aktivite edikatif, pwofesyonèl, rekreyatif, oswa devlopman pèsonèl, tankou yon lekòl terapetik, yon kan, oswa yon pwogram nan lanati, pa oblije kouvri pa asirans. Sepandan, rejim sante a dwe kouvri sèvis ki medikalman nesese yo pandan moun nan ap swiv pwogram nan, si yo ta nòmalman kouvri yo, depi sèvis yo fakti separeman.)

Kisa pou m fè si sèvis mwen bezwen yo refize?

Si sèvis yo refize, konsidere fè yon rekou. Plis enfòmasyon yo [disponib isit](#).

Kiyès pou m kontakte si m gen pwoblèm ak asirans mwen an?

Si ou gen enkyetid oswa pwoblèm espesifik ak konpayi asirans ou a, ou ka rapòte yo bay Massachusetts Division of Insurance (Divizyon Asirans Massachusetts) nan adrès sa a :

- Nimewo gratis: (877) 563-4467
- Liy telefòn prensipal: (617) 521-7794
- Voye yon kouryèl bay sèvis kliyan an: doicss.mailbox@state.ma.us

Kikote mwen ka jwenn plis enfòmasyon ak sipò sou asirans?

Pou plis enfòmasyon, kontakte Sant Resous Asirans nan 774-455-4056 oswa voye yon imèl nan adrès sa a: AIRC@umassmed.edu

Resous anplis sou Sante Mantal / Sante Konpòtmantal

HandholdMA.org se yon sit entènèt fanmi ki fèt pou paran timoun ki an laj pou ale lekòl nan Massachusetts ki gen enkyetid sou sante mantal pitit yo. Èske pitit ou a jis ap fè sa timoun fè, oswa èske konpòtman li bay ou kè sote? Si se konsa, ki etap ou ka pran apre sa? HandHold la pou ede w jwenn repons lan.

Lig Defans Paran ak Pwofesyonèl yo. Vizite sit sa a: ppal.net oswa rele nan (866) 815-8122.

Mass Family Voices/F2F Health Information Center nan Federation for Children with Special Needs: Al gade nan fcsn.org/mfv/ oswa rele nan (800) 331-0688.



Gwoup divèsif timoun ki alonje epi k ap gade kamera a

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon ak asistans, kontakte CRI nan 774-455-4056 oswa voye yon imel nan airc@umassmed.edu

Fich enfòmasyon sa a disponib sou sit entènèt nou an nan www.massairc.org,

Eskane kòd QR la pou konsilte fich enfòmasyon sa a anliy



<https://bit.ly/4aOav2s>

Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal (Insurance Resource Center for Autism and Behavioral Health) se yon pwogram Eunice Kennedy Shriver Center. Sant la resevwa finansman an pati atravè sibvansyon ak kontra ki soti nan Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Sosyal Massachusetts (EOHHS), Depatman Sèvis Devlopmanal Massachusetts (DDS), Depatman Sante Mantal Massachusetts (DMH), Depatman Edikasyon Eleman tè ak Espesyal Massachusetts (DESE), Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH), Fondasyon Nancy Lurie Marks Family, Fondasyon Doug Flutie Jr. pou Otis, Bailey's Team for Autism, Blue Cross Blue Shield Foundation of Massachusetts, Boston Children's Hospital, ak UMass Chan Medical School. **Feyè enfòmatif sa a te aktyalize pou dènye fwa an 02/2025.**

UMass Chan Medical School

55 Lake Avenue North Worcester, MA 01655-0002 **Copyright © 2025 University of Massachusetts - Tout dwa rezève.**